



Kubana neza n'imvubu

Gutorera umuti urama ingoran ziri mu Ruhongore kama rw'igihugu rwa Rusizi (PNR, Burundi) biciye ku mugambi RUBICOM

Ubutumwa nyamukuru

1. Ibitigiri vy'imvubu biganutse, n'amafi aca aba make, kuko imvubu zirafise uruhara rukomeye mu ruhererekane rwo kubaho mu kugaburirana rw'ibinyabuzima vyo mu mazi.



2. Amashirahamwe y'abenegihugu, abashakashatsi n'abajejwe intwari mu Burundi bariko barakorera hamwe kugira batorere hamwe umuti urama umubano mubi uri hagati y'abenegihugu n'imvubu.

3. Uruhongore kama rw'igihugu rwa Rusizi ni itungarikomeyerey'uBurundi, haba ku bidukikije no ku butunzi. Ni ngombwa ko Abarundi bamenya agaciro karwo, bakarubungabunga aho gusahura ibirimwo.

Intangamarara

Mu Burundi, amatati hagati y'abenegihugu baba hafi y'uruhongore kama rwa Rusizi n'imvubu aguma yiyongera. Imirima n'amazu biguma vyiyongera ku nkengera z'inzu n'ikiyaga bigatuma imvubu zibura aho zirisha n'inzi zo kwidagemevyi mu ruhongore, zigaca zahuka imihana, bigatuma haba vyinshi vyononekara.

Ivyo biri mubitera inzara bigahungabanya n'umutekano, rimwerimwe, bigatuma abantu bazitega. Ivyo bihungabanya umubano mwiza hagati y'abenegihugu n'imvubu kandi tuzi ko ari igikoko gikingiwe. Naho biri ukwo, imvubu zifise akamaro kanini aho zibaye : zirafasha mu ruhererekane rw'ibiba rw'icunyunyu citwa « silice », gutyo zikagaburira ibinyabuzima vyo mumazi na cane cane bigatuma amafi yiyongera mu kiyaga Tanganyika no mu lagunes.

Mu gutorera inyishu ico kibazo, Umugambi RUBICOM (Rusizi - Biodiversité - Communautés) uhuza Kaminuza y'u Burundi, Kaminuza ya Anvers mu Bubiligi, Ikigo gikingira ibidukikije mu Burundi, OBPE, n'ikigo c'ubushakashatsi c'Ingoma y'u Bubiligi (Institut des Sciences Naturelles) mu mugambi waco CEBioS, kuburyo bwatanzwe n'ikigo VLIR-UOS wararanguye ibikorwa bitari bike muri icyo ntumbero.

Ivyigwa ku bidukikije no ku mibano vyafashije gutahura neza imigenderanire hagati y'abenegihugu, imvubu n'ibidukikije. Harakozwe amatohoza mu mihana iri hafi y'uruhongore kugira humvirizwe ivyiyumviro vy'abenegihugu no kuronderera hamwe inyishu. Ivyavuyemwo vyaciye biganirwako mu nama-ruganda zahuje abenegihugu, amashirahamwe yo mu micungararo, abashakashatsi n'abategetsi bajejwe ibidukikije, baserukiwe na OBPE.



UMUGAMBI RUBICOM

Umugambi RUBICOM, uhabwa uburyo na VLIR-UOS kandi urangurwa na Kaminuza ya Anvers, Kaminuza y'Uburundi, OBPE na CEBioS. Ufise ihangiro ryo kwubaka umushinge ushingiyeye ku mubano urama hagati y'abenegihugu n'ibinyabuzima vyo mu kiyaga ca Rusizi, na canecane mu mazi no mu bibanza bibomvye. Intumbero y'uwo mugambi ni uguhuza inguvu mu gukingira ibinyabuzima soko ry'izira-tosekerwa kw'ibidukikije, mushinge n'inyungu k'ubunegihugu. Akarorero : igisata c'ingenzi, amazi meza, amafi, ibitegrwa bivamwo miti, ubwatsi bw'ibitungwa hamwe n'inyubako, ibikoreshe bitandukanye bikenerwa n'abanyamyuga.

Umugambi RUBICOM witwararika cane amatati hagati y'abenegihugu n'imvubu. Urondera kumenya neza uko ibinyabuzima vyifashe n'ingene abenegihugu babona amatati avuye ku bikoko, kugira abenegihugu ubwabo bagire uruhara rukomeye mu kubungabunga ibidukikije. Umugambi urashaka kandi guteza imbere ibibanza vyo

gusangira ubumenyi mu kibano. Ivyo birakenewe mu guhangana n'ihindagurika ry'ibihe hamwe n'ukuduga kw'amazi y'ikiyaga Tanganyika. Ibibanza bibomvye ni ngirakamaro cane mu gufasha abeneguhugu n'ibinyabuzima guhangana n'izo mpinduka.



Légende : Inama-ruganda yerekeye gutorera umuti amatati ari hagati y'imvubu n'abenegihugu baba mu nkengera z'uruhongere kama rwa Rusizi. (BURUNDI, 2025)

INGENDO NYAYO KANDI ATAWA ISIGA INYUMA

Ku nkengera z'uruhongere kama rwa Rusizi, umubano uri hagati y'abenegihugu n'imvubu uraraje ishingira inzego z'igihugu. Mu kuwonderera umuti, Kaminuza y'Uburundi ifashijwe na CEBioS, Kaminuza ya Anvers na VLIR-UOS yaratunganije inama nkarishabwenge zibiri mu 2024 na 2025. Izo nama zahuje abaserukira abenegihugu, abashakashatsi n'indongozi harimwo na OBPE, abajejwe umutekano n'intwari. Aho kwari kugira

baronderere hamwe umuti w'ayo matati. Mu kiyaga cahuje bose, imigwi yose yararabiye hamwe, iradoma urutoke ku nkomo y'amatati irongera irerekana akamaro k'imvubu nubwo arizo nkomo y'uwo mubano mubi. Harerekanywe kandi n'umuti wotorwa vyihuse no ku kiringo kitari kirekire. Ivyo bikorwa vyahagarikiwe na CEBioS, gutyo bashike ku ngingo zishoboka, kandi zifise akamaro.



INYUNGU : Akarusho ku bidukikije no mu butunzi.

Imvubu zifise akamaro ntasubirizwa ku binyabuzima vyo mumazi: mu gihe imvubu zarishije ubwatsi kunkegera z'inzuzi canke z'ibiyaga, ziragaruka zigata amase mumazi, ayo mase na yo agafasha ibinyabuzima vyo mu mazi canke ivyo kw'isi. Vyongeye, imvubu zirahurumbirwa ntangere zigakwega ingenzi (Raba kuri iyo ishusho).

Imvubu zibaye nke bituma haboneka amafi make, uburovyi bukagoyagoya, ingenzi na zo zikaba nke.



Nubwo biri uko, kubana hafi n'ivyo bikoko bininibinini bisanzwe birisha bituma amatati yiyongera.

- Imvubu zironona imirima, rimwe na rimwe zigashika hafi y'imihana. Ivyo birashobora gutuma abantu bihora bakazihiga canke bakazica;
- Haraba amasanganya yo mw'ibarabara n'ibitero ku bantu no ku bitungwa, bigatera gukomereka canke urupfu;
- Haraba amatati kw'ikoreshwa ry'ubutaka, na cane cane mu turere two gukingira inkombe z'inzuzi hamaze gusugerezwa n'indimo canke haragirwa ibitungwa kandi ariho hatuma uburovyi bukomeza gutera imbere.



- Ayo matati yunyurwa n'ukwo ibibanza kama vyo ku nkengera z'ikiyaga bigenda vyononekara kandi bigabanuka, ikiyaga kikaba carateye uruhongere kubera umwuzurira, imbibe z'uruhongore ntizibe zisobanutse neza, hamwe n'ubukene bw'abenegihugu benshi batunzwe ahanini n'uburimi.

INYISHU ZIHUTIRWA zifatiye kuvyavuye mu matohoza yakozwe n'ivyashi-kirijwe mu nama-ruganda ihuza bose:

1. GUKINGIRA imirima n'imihana

- Kuzitira imirima canke imihana hakoreshejwe inzitiro zisanzwe canke, aho bikenewe, izikoresha umuyagankuba.
- Gushiraho no kwubahiriza uturere two gukingira inkombe z'uruzi Rusizi n'ikiyaga Tanganyika.

2. GUSHIRAHU uburyo bwo kugenzura no gutanga imburi hakiri kare.

- *Gukizura bikoze* n'abenegihugu.
- Uburyo bwo gutumatumanako mu kibano: amaterefone, imbuga huriro, n'inomero zo gutabaza.

3. GUKOMEZA gufasha abenegihugu mu mibano no mu butunzi

- Guhimiriza abenegihugu ku inyifato ibereye igihe imvubu ziri hafi canke ziteye.
- Gushigikira mu buryo bwo gushumbusha abo imvubu zahombeje harimwo no kwonona imirima.

4. KUNAGURA uburyo inzego zikorana

- Gushiraho uburyo bwo gushumbusha butarenganya kandi bukorera mu muco.
- Kwerekana neza no kwubahiriza imbibe z'uduce tutarekuriwe kuberamwo ibikorwa vy'iterambere uhareye ku nkombe za Rusizi.
- Gutanga ubuzi bujanye no gucunga uruhongore mu buryo burama (nk'abacungera uruhongore n'abayobora ingenzi...).

Mu biganiro, abantu benshi barerekanye amakenga ku kamaro k'ingingo zimwe zimwe. Na cane cane, ibinogo vyo gukingira hamwe n'amata vyabonetse ko bitizewe canke bidakora neza. Ibinogo birashobora kwononekara ningoga canke imvubu zikabirenga, na cane cane igihe c'imvura kuko ishobora kubisivya.

Ku vyerekeye umuco, naho hari aho bigira akamaro mu kumurika imvubu, kenshi ntibibuzwa ko zitera, hari aho uwo muco ari wo zikurikira. Amatara arashobora gufasha kubona ko imvubu iri hafi, ariko kenshi ntabwo ko yinjira, kandi rimwe na rimwe arashobora gutuma ica iza yisunga umuco. Ivyo vyiyumviro vyavuye mu biganiro vyerekana ko ari ngombwa gusuzuma neza ko ingingo zitegekanijwe zishoboka kandi zikora mu buzima bwa misi yose. Idem

Izo nama-ruganda zarerekanye kandi ko gukorera hamwe n'abo ikibazo cega bose bishoboka kandi ari ngombwa mu gutorera umuti matati hagati y'abenegihugu n'ibikoko vyo mw'ishamba.

Iyo abo ikibazo cerekeye bose bahawe ijamba, birashoboka kuronka inyishu bahurizako kandi zirama. Mu myaka iza, igikuru kizoba ugushira izo nyishu mu bikorwa, abategetsibo bo ku nzego zose bakabigiramwo uruhara. Uruhongore kama rwa Rusizi rubungabunzwe kandi rugatezwa imbere, bose barunguka..

IBISABWA ABAJEJWE INTWARO KUGIRA

URUHONGORE RUCUNGWE NEZA KANDI MU BURYO BURAMA



1. GUTSIMBATAZA IBIJANYE N'AMATEGEKO N'INZEGO

- Kwerekana no kwubahiriza imbibe z'uruhongore kama rwa Rusizi
- Gucungera ibidukikije n'igiporisi **kigafasha** kwubahiriza amategeko, kandi bakaronka inyigisho zibafasha kubikora neza.
- Gushira mu mategeko uburyo bwo gushumbusha abubuze ababo **n'ivyabo harimwo n'imirima.**
- Gushiraho amategeko atuma abenegihugu baronka ubuzi bujanye no gucunga ibinyabuzima, nko gukizura hamwe n'ibikorwa vy'ingenzi zirahira ijisho ibidukikije.
- Gutsimbataza intwara ahagereye uruhongore, n'uruhara rw'abenegihugu rukaboneka, hagashirwaho amakomite agizwe n'abahaba afasha gutorera umuti amatati kandi agahabwa uburyo bwo gukora.



3. GUSHIRAHU UMUGAMBI WO GUTUNGANYA NO GUSANURA IBIJANYE N'IBIDUKIKIJE

- Gutanguza imigambi yo gusanura ibijanye n'ibidukikije mu bibanza vyononekaye vyo mu ruhongore kama rwa Rusizi no mu duce two ku nkenera tutarekurewe gukorerwalwo (zones tampons).
- Gusuzuma ibibangamira uruhongore kugira hategurwe ibikorwa bijanye no gucungera canke guha agaciro ivyiza ibidukikije biha abenegihugu n'igihugu.



2. GUSHIGIKIRA INGINGO ZO GUKINGA N'IZIJANYE N'INYUBAKO

- Gushigikira abenegihugu bagenzura uruhongore mu karonka ibikoreshe (nk'amaterofone n'ama inite).
- Kuzitira uruhongore aho bikenewe kugira imvubu zigire aho zirisha hakwiye kandi zishobore kwidagemvya maze ntizitere abenegihugu n'ivyabo cane cane imirima.



4. GUTSIMBATAZA UMUBANO MWIZA NO KUVYAZA UMUSARURO IBIKORWA BIJANYE N'IBIDUKIKIJE

- Kugira amasekeza yamaho mu kwerekana akamaro k'imvubu mu bijanye n'ibidukikije no mu butunzi. Akarorero : nk'ugushiraho ivyapa bitanga amakuru.
- Guhimiriza ku bijanye n'akamaro katonona uruhongore (nk'ingenzi, n'ubumenyi bujanye n'akamaro k'amase y'imvubu), bigakorwa bidasiga inyuma abenegihugu baba munkenera y'uruhongore.



Universiteit
Antwerpen



Belgium
partner in development



Abavyanditse : COOLS Jan*, D'HAIJERE Tania***, HUYBRECHTS Pierre***, JACOBS Steven*, JANSSENS de BISTHOVEN Luc***, NDAYISHIMIYE Joel **, NKENGURUTSE Jacques*, SCHOELYNCK Jonas*.

Uwatondetse amasanu n'amajambo: VRANCKEN Kristien*** **Amashusho n'amafoto :** JANSSENS de BISTHOVEN Luc***, D'HAIJERE Tania***

*University of Antwerp (UA), **Université du Burundi (UB), Facultés des Sciences, Département de Biologie, Centre de Recherche en Sciences Naturelles et de l'Environnement, Laboratoire de Biodiversité, Ecologie et Environnement ***Capacities for Biodiversity and Sustainable Development (CEBioS)

Guhindura mu kirundi biva mu gifaransa : NKENGURUTSE Jacques & NIBIGIRA Onesphore